Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE KONPETISYON BIZNIS SANS LAVI NAN KAD FON ENVESTISMAN LONG ISLAND KI EVALYE A 350 MILYON DOLA

50 milyon dola pou sipòte pwogram konpetisyon rejyonal ak akseleratè ki konsantre sou syans lavi ak teknoloji swen sante

Empire State Development te konvoke reyinyon pou opinyon endistri a pou ankouraje sipò ekosistèm syans lavi yo atravè RFP k ap vini an

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a konpetisyon biznis syans lavi a, yon pati nan Fon Envestisman Long Island ki evalye a 350 milyon dola. Yon demann pou pwopozisyon pral premye etap pou konpetisyon 50 milyon dola pou biznis syans lavi Fon Envestisman Long Island lan, ki vize atire ak devlope konpayi nan sektè syans lavi, teknoloji sante, ak aparèy medikal. Empire State Development te konvoke yon reyinyon ekspè nan endistri syans lavi a pou rasanble premye opinyon pou pwosesis konpetisyon RFP a.

"New York fyè pou li dirije wout la ak envestisman estratejik ki pral kreye opòtinite ki pote transfòmasyon nan Long Island ak atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konpetisyon biznis syans lavi Fon Envestisman Long Island lan pral ankouraje kwasans ekonomik ak inovasyon, sa k ap dinamize rejyon an yon gwo sant komèsyal syans lavi."

Enkli kòm yon pati nan Bidjè istorik Gouvènè Hochul pou Ane Fiskal 2023, Fon Envestisman Long Island la pral konsantre sou pwojè ki pral sipòte epi devlope ekonomi rejyonal la, amelyore kominote yo, epi ki gen enpak ekonomik dirab atravè Long Island. Anplis konpetisyon biznis syans lavi a, Fon an pral asiyen 250 milyon dola pou pwojè devlopman rejyonal transfòmatif ak 50 milyon dola pou konstriksyon ak operasyon yon sant devlopman mendèv.

Konpetisyon an pral aplike yon akseleratè biznis pou travay an kolaborasyon ak inivèsite Long Island ak enstitisyon rechèch pou sipòte biznis demaraj syans lavi ki gen potansyèl pou kreyasyon travay pèmanan ak gwo salè ak komèsyalizasyon teknoloji ki pwomèt. Konpetisyon biznis Long Island lan pral fèt nan fòm e pou konplete lòt konpetisyon biznis ki fè siksè nan Eta New York, tankou Grow-NY ak 43North.

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Long Island pozisyone pou l alavans endistri konpetitif syans lavi a. Konpetisyon biznis Fon Envestisman Long Island lan pral atire ak grandi òganizasyon syans lavi yo — sa k ap ajoute sou yon lis ki deja enpresyonan ki anrasinen nan Long Island — epi li pral kle nan elve ekosistèm syans lavi komèsyal rejyon an."

Endistri syans lavi yo te vin tounen yon motè kwasans pwisan pou Eta New York, ki fè rejyon kle nan eta a vin nan sant syans lavi dinamik ki gen ladan òganizasyon ak enstitisyon ki dedye a divès etap rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon. Long Island se lakay konpayi syans lavi ak enstitisyon etabli ki te enpòtan anpil nan pwogrè nan debloke teknoloji inovan ak terapi modèn, tankou Feinstein Institutes for Medical Research (Enstiti Feinstein pou Rechèch Medikal), Cold Spring Harbour Laboratory, Brookhaven National Labs, ansanm ak Stonybrook University. Enfizyon 50 milyon syans lavi ki soti nan Fon Envestisman Long Island lan pral plis pozisyone Long Island ak Eta New York pou yo dirije nan sektè dènye kri, tankou inovasyon, biyoteknoloji, syans lavi, ak envestisman biyomedikal.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Eta New York se yon lidè nan inovasyon syans lavi an pati akòz envèstisman estratejik Eta a pou devlope yon ekosistèm syans lavi ki pi solid nan Long Island ak atravè Eta a. Konpetisyon biznis syans lavi Fon Envestisman Long Island lan pa pral sèlman katalize kwasans ekonomik nan rejyon an, men li pral avanse tou kapasite nou pou fè rechèch ak devlope teknoloji inovan ki pral ranfòse lidèchip New York nan ekonomi inovasyon mondyal la."

Ko-prezidan LIREDC la ki se Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare,"Konpetisyon syans lavi Fon Envestisman Long Island lan pral amelyore rejyon an davantaj kòm yon sant etabli pou endistri a epi asire ke Long Island se kote konpayi syans lavi inovan ak revolisyonè yo kòmanse ak opere. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak sipò li nan endistri syans lavi k ap grandi nan Long Island lan."

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Fon Envestisman Long Island lan se yon gwo zafè pou Long Island, e mwen te fyè pou m goumen pou yo te enkli li nan bidjè eta ane sa a. Nou te wè ki jan akseleratè biznis ki fè siksè yo atravè eta a te rive estimile inovasyon ak ankouraje nouvo ti biznis nan teknoloji dènye kri. Konpetisyon biznis syans lavi Long Island lan pral pwofite kapital entelektyèl rejyon nou an epi ogmante resous fòmidab nan enstitisyon rechèch lokal nou yo pou ankouraje konpetisyon, devlope ekonomi nou an, epi kenbe rejyon nou an konpetitif nan endistri syans lavi k ap grandi a."

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Lanse konpetisyon biznis sa a se yon fason enteresan pou jenere envestisman sibstansyèl nan sant syans ak teknoloji Long Island yo. Alokasyon sa yo ki soti nan Fon Envestisman Long Island pral san dout kondwi

ekonomi lokal nou yo lè li atire konpayi ak endistri ki pwospere pou ankouraje kwasans travay ak envestisman kominotè nan rejyon nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li nan kwasans ekonomik ki pote transfòmasyon nan Long Island, epi mwen espere sipòte inisyativ kontinyèl sa yo pandan y ap reyalize epi bay rezilta enpòtan pou moun Long Island yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418